

Igisata c'amagara y'abantu kijejwe gupima indwara i Vermont
Aho kiri: 359 South Park Drive, Colchester, VT 05446
Agasandugu ka posita: PO Box 1125, Burlington, VT 05402-1125
(802) 338-4724 (800) 660-9997 (muri leta gusa)

Igipimo c'utunyabuzima tutaboneka

Ingingo ngenderwako mu kwegeranya no gutekera ibipimo tw'amazi yo kunywa
Ibikoresho A, AA, na NU (kuri coliform/E. coli bacteria)

Soma izi ingingo ngenderwako n'ubushishozi imbere yo kwegweranya ibipimo twawe.

Ibikoresho bitegerezwa kubamwo:

- Icupa rya 100 ml risukuwe kandi ririko ikimenyetso rya sodium thiosulfate yo gukinga. Ibikoresho bishobora gushingurwa mu cumba c'ubushuhe bugereranye kugeza babikeneye.
- **"Urutonde rw'itororokanywa ry'amakuru y'ibipimo y'amazi"** (Chem 202)
- Igitekezo c'inyuma gikozwe mu rupapuro rugumye ruriko ikimenyetso c'irungikwa.
- **"Urutonde rw'ingingo z'irungikwa ry'ibikoresho bisuzuma utunyabuzima tutaboneka two mu mazi."** (Admin 978). Egeranya uturorero umusi wateguye mu krungika icitegererezo mu ntumbero yo kwubahiriza umwanya w'iyunguruzwa n'uw'ihingurwa mu kigo c'ubushakashatsi. **Igerageza ryo mu kigo c'ubushakashatsi ritegerezwa gutangura mu kiringo kitarenga amasaha 30 kuva ku gihe c'itororokanywa canke rigahakanwa.**

Menya neza kw'igenekerezo ntarengwa ry'icupa ry'iyegeranirizo ry'ibipimo, ridomwe ku kimenyetso c'umurumyo w'igitekezo c'imbere mw'icupa ry'itororokanirizo c'ibipimo. **Kirazira gukoresha amacupa y'itororokanirizo ryarengaje igihe.** Ibikoresho vyarengaje igihe n'ibisabwa mu bijanye n'intwari bitegerezwa gusubizwa mu gisata c'ikigo c'ubushakashatsi mu vy'amagara kugira bisubirizwe ku buntu.

Ikigo c'ubushakashatsi gishobora kwemera ibipimo dukwije intambuko z'itekera zikirikira zonyene:

Ingingo ngenderwako

Tororokanye akarorero fatiro kawe:

Nimba uriko uratororokanya uturorero ku bikoresho birenga kimwe, soma ingingo ngenderwako zerekeye ibikoresho vyose imbere yo gukora itororokanywa ry'ibipimo. Iri gerageza risaba integuro y'iminota iri hagati ya 3 na 5 imbere y'itororokanywa nk'uko bitegerezwa uku gukurikira. Raba ireresi y'ingene begeranya ibipimo ku mazi yo kunywa kuri: <http://www.healthvermont.gov/environment/drinking-water>.

1. Koresha ibombo ikoreshwa ku mazi yo kunywa mu nzu. Koresha urupapuro rusukuye mu gukura ingese kw'irobine. Irinde amabombo adungereza amazi cank'ava.
2. Sesa amazi akanye iminota iri hagati ya 3 na 5 yisuka ku rugezo rwa nyuma imbere yo gutororokanya ibipimo.

ICITONDERWA: Mu gihe ukora itororokanywa kw'ibombo y'ikigombo kimwe, sesa amazi iminota 2, hanyuma ayakanye iminota 2. Hanyuma wegeranye akarorero fatiro ukoresheje amazi akanye uku gukurikira.

3. **Andika izina ryawe n'inomero ya telephone yawe ku ruhanda rw'icupa ruriko ikimenyetso.**
4. Pfundurura mu gukurako ishashara rifashe urupapuro. Nimba ishashara yaravuyeko, hamagara ikigo c'ubushakashatsi kugira gisubirize icupa. **Ntukore ku munwa w'icupa, rirakingiwe bikwiye.**

5. Gabanya umurindi w'amazi. Uzuza icupa haruguru gato y'akarongo ka 100 ml. Iryo gerageza risaba n'imiburiburi 100 ml z'amazi. Ntureke icupa ngo riseseke.
6. Subiriza umurumyo w'icupa. Gumisha umurumyo neza kugira ntirive.
7. Uzuza neza urutonde rw'itororokanirizo ry'amakuru (raba ibikurikira).

Ni gute buzuza urutonde rw'amakuru bakongera bagatekera ibipimo:

Ibipimo birungitswe bidakwiye amakuru dushobora kutemerwa canke tugatevya icegeranyo c'inyishu z'igeragezwa.

1. Injiza amazina yose, ah'uba, umuhora ngurukanabumenyi w'ah'ugombakurungika icegeranyo c'igeragezwa mu mfuruka yo hejuru mu bubamfu y'urupapuro rw'itororokanirizo ry'amakuru y'ibipimo ku bijanye n'amazi.
2. Injiza igenekerezo n'umwanya watororokeranijeko ibipimo. **Menya neza: Igenekerezo n'umwanya vy'itororokanywa bitegerezwa gutangwa kugira ibipimo dusuzumwe.**
3. Andika izina ry'umuntu ariko arakora itororokanywa.
4. Andika igihe c'umusi n'inomero ya terefone harimwo n'ikimenyetso banga c'ikibanza.
5. Andika ikibanza c'aho ibipimo twatororokanirijwe mu gasandugu muni y'igenekerezo, n'umwanya w'itorokanywa.
6. Andika umwanya wose wumva ushobora kuba kirumara kw'igeragezwa.
7. ***Abafise amazu:** Ereka nimba inzira z'amazi zarasukuwe mu kiringo kitarenga indwi zibiri.
***Inzira z'amazi rusangi gusa:** Ereka inyishu yo ku rubuga ku bisigarira vy'ikirorina. Menya neza: Ikigo c'ubushakashatsi kiremara kw'akarorero fatiro ku mazi yo kunywa, nk'uko vyerekanywe n'uwakoze itohoza, gasuzumwa n'ubuhinga rurangiranwa 9223. Akarorero ntigasuzumwa ku bisigarira vy'ikirorina mu gisata c'ikigo c'ubushakashatsi bujanywa n'amagara ca Vermont.
8. Shira icupa ry'akarorero n'urupapuro rwujujwe neza rw'itororokanywa ry'amakuru ku bijanye n'amazi mu gasandugu kariko ikimenyetso. Gerageza kubika igipimo ahantu hari ubushuhe bugereranye mu kugishingura ahantu hatarasirwa n'izuba. **Ntugikanyishe.**
9. Ibipimo vyose vy'ibikoresho A na AA bigeragezwa ku tunyabuzima coliform gusa harimwo *Escherichia coli*, ikimenyetso c'ubwandu bw'umwanda mukuru. Igikoresho NU kirerekana urugero rw'utunyabuzima bwa coliform na *Escherichia coli* gushika kuri 200 coliform canke *Escherichia coli* ufatiye kuri 100 ml z'amazi.

Rungika igipimo cawe hanyuma niwaronka inyishu y'isuzumwa:

1. Igipimo gishobora kurungikwa ku rugero rw'ubushuhe rugereranye mw'isandugu bivuye ku buryo bwa mbere bunyaruka. **Isuzumwa ry'ikigo c'ubushakashatsi ritegerezwa mu kiringo kitarenza amasaha 30 vy'itorokanywa.** Raba **"Ingingo ngenderwako z'ibikoresho vy'ihanahanwa n'irungikwa vy'utunyabuzima two mu mazi"** (Admin 978).
2. Ibipimo bitegerezwa kwakirwa isaha 4:30 z'umuhingamo ku misi y'ibikorwa kugira isuzumwa ritangure uwo musu nyene. Inyishu z'ibipimo vyakiriwe isaha 4:30 z'umuhingamo ziboneka inyuma y'isaha 3 z'umuhingamo z'umusi ukurikira.
3. Inyishu z'isuzumwa ku bipimo vyakiriwe ku musu wa gatanu ntizikunda kuboneka gushika ku musu wa mbere w'indwi ukurikira.

Ibipimo bishobora kutemerwa mu gihe:

- * Igenekerezo n'umwanya vy'itorokanywa ry'igipimo bibuze ku rupapuro ndangagipimo
- * Izina ry'uwatorokanyije igipimo ribuze
- * Icupa ry'itorokanirizo ry'igipimo ryataye igihe (raba igenekerezo ku kimenyetso co kw'icupa)
- * Urugero rw'igipimo rudashika 100 ml.
- * Igipimo carungitswe mw'icupa atari iryatanganywe n'igikoresho c'ikigo c'ubushakashatsi Kit.
- * **Igipimo kirengeje amasaha 30 igihe co kwakirwa n'ikigo c'ubushakashatsi.**

Nimba ufise ic'ushikiriza cank'ibibazo ku bijanye z'izi ngingo ngenderwako, hamagara kri imwe muri numero za terefone ziri ku ruhande rw'imbere kur'uru rupapuro. Murakoze.

MICRO-402 v 11.0 - Kirundi